Fich pou Rechèch Enfòmasyon sou Mache Travay (LMI)

Objektif Rechèch Enfòmasyon sou Mache Travay la (Rechèch LMI):

Enfòmasyon sou Mache Travay (LMI) la ede moun k ap chèche travay pran pi bon desizyon sou karyè yo. Li ede w konnen si antrepriz yo bezwen moun ki gen konpetans ou, ki kote ou ka jwenn travay, epi ki kantite lajan yo konn peye nan domèn ou enterese a.

Lè w ranpli fich sa a, sa ap ede w fè rechèch sou mache travay la pou w ka:

- Konprann ki konpetans yon metye mande
- Wè si demann pou metye sa a ap ogmante oswa ap diminye
- Konnen ki diplòm, sètifika oswa fòmasyon ou bezwen pou travay la
- Konnen kote ki gen plis travay
- Konpare opòtinite travay ak salè yo selon zòn nan oswa konpayi an
- Konnen ki salè ou ka atann oswa mande lè w ap negosye
- Konsantre sou opòtinite travay ki pi byen adapte ak konpetans ou e ak objektif ou

Resous pou Enfòmasyon sou Mache Travay (LMI):

Chwazi youn nan resous ki anba yo pou w fè rechèch sou mache travay la pou metye ou enterese a. Nan paj ki vin apre a, ekri ki sous oswa sit entènèt ou te itilize.

CareerOneStop: careeronestop.org

O*Net: onetonline.org

My Next Move: mynextmove.org

My Skills My Future: myskillsmyfuture.org

Depatman Rechèch Ekonomik (Pwojeksyon sou Metye Alontèm):
lmi.dua.eol.mass.gov/lmi/LongTermOccupationProjections

Depatman Rechèch Ekonomik (Travay ak Salè selon Metye):
lmi.dua.eol.mass.gov/LMI/OccupationalEmploymentandWageAllIndustries

Biwo Estatistik Travay Etazini: bls.gov

Non Konplè:

Nimewo ID moun k ap chèche travay la:

Dat:

Gid pou Rechèch Enfòmasyon sou Mache Travay (LMI):

Sèvi ak youn nan resous LMI yo bay yo pou w fè rechèch sou metye ou enterese a epi ranpli enfòmasyon ki anba yo. Lè w fini, pataje sa w jwenn yo ak anplwaye MassHire yo epi pale avè yo pou wè si metye sa a bon pou ou.

1. Ki sitwèb ou te itilize pou fè rechèch la?
2. Ki metye ou ta renmen genyen? (*Tanpri sonje: Se pa tout non pòs travay k ap parèt nan lis la. Chwazi non pòs ki pi pwòch ak kalite travay ou ta renmen fè a*).
3. Ki nivo salè yo peye pou metye sa a?
4. Èske kantite opòtinite travay nan domèn ou an ap ogmante oswa ap diminye? (*Tanpri sonje: Lè w fè pwojeksyon pou eta a oswa zòn kote w rete a, sa ap ba w yon pi bon ide sou kantite travay ki disponib pou ou*). Ap ogmante Ap diminye
5. Ak ki pousantaj yo prevwa kantite opòtinite travay yo ap ogmante oswa diminye?
6. Konbyen travay ki disponib chak ane nan metye sa a?
7. Dapre sa w jwenn nan rechèch ou a, ki konpetans ou bezwen pou fè travay sa a?
8. Dapre rechèch ou a, èske w gen yon sètifika, lisans oswa lòt kalifikasyon ki nesesè pou travay nan metye sa a? Wi Non, si w reponn non, ekri sa w bezwen genyen oswa fè pou w ka jwenn travay nan domèn sa a:
9. Èske gen lòt enfòmasyon enpòtan sou metye a, konpetans ki nesesè yo oswa sektè a ki ka gen enpak sou rechèch travay ou?